


BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode panalungtikan kelas (PTK). PTK nya éta proses pengkajian masalah pembelajaran di jero kelas ngaliwatan refleksi diri dina upaya pikeun ngungkuluan masalah ku cara migawé tindakan nu geus direncanakeun dina situasi nyata sarta nganalisis unggal pangaruh tina éta perlakuan.

Alesan panalungtikan ngagunakeun PTK nya éta pikeun ngungkuluan pasualan anu keur disanghareupan ku guru jeung siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung dina pangajaran nulis karangan eksposisi.



(Arikunto, 2009:16)

Gambar 3.1
Desain Panalungtikan

1) Tahap 1: Perencanaan

Dina tahap ieu panalungtik ngajelaskeun ngeunaan naon, naha, iraha, di mana, ku saha, jeung kumaha éta tindakan dipigawé. Panalungtik nangtukeun titik atawa fokus peristiwa nu perlu meunangkeun perhatian husus pikeun dititénan, tuluy nyieun instrumen pengamatan pikeun ngarojong panalungtik ngarékam fakta salila panalungtikan.

2) Tahap 2: Pelaksanaan Tindakan

Pelaksanaan tindakan mangrupa implementasi atawa larapan rarancang eusi, nya éta ngeunaan tindakan kelas. Dina pelaksanaan kudu luyu jeung hal-hal nu geus dirarancang jeung dilaksanakeun sacara wajar heunteu dijueun-jieun.

3) Tahap 3: Pengamatan (*observing*)

Kagiatan pengamatan dipigawé ku panitén. Pelaksanaan jeung pengamatan dipigawé babarengan. Dina ieu kagiatan observer ngaobservasi aktipitas guru jeung siswa nalika lumangsungna pangajaran.

4) Tahap 4: Refleksi (*reflecting*)

Tahap ieu mangrupa kagiatan pikeun ngungkarakeun deui naon nu geus dipigawé. Kagiatan réfléksi dipigawé nalika guru pelaksana geus migawé tindakan, tuluy gawé bareng jeung panitén. Guru pelaksana tindakan ngobrolkeun ka panitén ngeunaan hal-hal nu dirasakeun nalika kagiatan lumangsung timimiti hal-hal nu positif nepi ka négatif. Éta kagiatan bisa disebut ogé kagiatan évaluasi diri.

Nalika panalungtikan tindakan dipigawé ngaliwatan sababaraha siklus, dina réfléksi ahir, panalungtik nepikeun rencana nu disarankeun ka panalungtik lain.

Catetan-catetan penting nu kudu dijueun rinci sangkan nalika aya nu neruskeun panalungtikan, panalungtik heunteu hésé dina nalungtikna.

3.2 Setting Panalungtikan

Setting dina ieu panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjék panalungtikan, jeung waktu panalungtikan.

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nya éta di SMP Negeri 19 Jalan Sadangluhur Kecamatan Comblong IX Kota Bandung.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung anu jumlahna 25 siswa. Anu ngawengku 9 urang siswa lalaki jeung 16 siswi awéwé. Lian ti éta ditambah ku 3 urang guru anu ngawengku guru mata pelajaran basa Inggris, biologi jeung fisika.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Waktu panalungtikan diayakeun salila tilu minggu, anu diwincik saperti dina ieu tabél di handap.

Tabel 3.1
Kagiatan Waktu Panalungtikan

NO	KAGIATAN	WAKTU
1	Tes Awal	Kemis, 18 November 2010
2	Siklus 1	Kemis, 25 November 2010
3	Siklus 2	Kemis, 02 Desember 2010

3.3 Variabel Panalungtikan jeung Wangenan Operasional

3.3.1 Variabel Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan nyampak dua variabel, nya éta variabel terikat jeung variabel bébas. Anu dimaksud variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta modél ramat lancah sarta variabé尔 terikatna nya éta karangan éksposisi.

3.3.2 Wangenan Operasional

Sangkan teu ngabalukarkeun rupa-rupa tafsiran jeung pikeun nyindekel, dipidangkeun wangenan istilah-istilah di handap

- 1) Modél ramat lancah dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran anu mangrupa turunan tina modél pangajaran *terpadu*. Sacara umum hal nu dilaksanakeun dina modél ramat lancah diadopsi tina modél pangajaran *terpadu*. Modél ramat lancah nya éta pangajaran nu maké pamarekan tématik. Ieu pamarekan dimintian tina mekarkeun hiji téma nu tangtu. Téma dilarapkeun ku cara diskusi antara guru jeung siswa atawa bisa ogé diskusi antara guru jeung guru. Sanggeus téma disapukkan, satuluyna dimekarkeun sub-sub témana ku cara niténan pasualan nu aya patalina jeung widang-widang pelajaran nu lian modél ieu nu dilarapkeun dina pangajaran nulis karangan éksposisi di kelas IX-D SMP Negeri 19 Kota Bandung Taun Ajaran 2010/2011.
- 2) Karangan éksposisi dina ieu panalungtikan nya éta salahsiji wangun tulisan atawa retorika anu meredih pikeun nerangkeun jeung ngajéntrékeun hiji pokok pikiran, anu bisa ngajembaran pamadegan atawa pangaweruh hiji jalma anu macana. Karangan éksposisi ieu nu baris dijieu ku siswa kelas IX-D SMP Negeri 19 Kota Bandung Taun Ajaran 2010/2011 ngagunakeun

modél ramat lancah. Pikeun ngukur hasil karangan éksposisi maké téhnik téss.

Jadi modél ramat lancah ieu dipaké pikeun mantuan siswa kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010-2011 dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi.

3.4 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tehnik wawancara, observasi, catetan lapangan, jurnal siswa jeung karangan siswa. Ieu data-data satulunya dikumpulkeun pikeun dianalisis salila panalungtikan.

3.4.1 Tehnik Wawancara

Numutkeun Denzin dina Goetz jeung LeCompte (1984) wawancara mangrupa patalékan-patalékan nu ditanyakeun sacara verbal ka jalma-jalma anu dianggap bisa méré informasi atawa penjelasan hal-hal anu diangap perlu.

Ari numutkeun Hopkins (1993:125) wawancara nya éta hiji cara pikeun mikanyaho situasi nu tangtu di jero kelas ditingali tina sudut pandang anu bédha. Jalma-jalma nu bisa diwawancara bisa mangrupa siswa, kepala sakola, babaturan, pagawé tata usaha sakola, wali murib, jst. Jalma anu diwawancara disebut informan atawa *key informant*, nya éta jalma anu mibanda pangaweruh husus, status, atawa kaparigelan komunikasi (Goetz jeung LeCompte, 1984:119).

Téhnik ieu dipaké pikeun ngaguar informasi ngeunaan matéri naon nu geus diajarkeun ka siswa kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung.

3.4.2 Téhnik Tés

Tés mangrupa salahsiji alat pikeun ngukur, nya éta alat ngumpulkeun informasi karakteristik hiji objek. Dina pangajaran hiji objek ieu bisa diartikeun kaparigelan peserta didik, minat, motivasi, jst.

Numutken Djemari (2008:67) tés mangrupa salahsiji cara pikeun naksir kamampuh hiji jalma sacara teu langsung, nya éta ngaliwatan respon hiji jalma kana stimulus atawa patalékan.

Tés dina panalungtikan ieu nya éta tés nulis karangan éksposisi siswa kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung.

3.4.3 Téhnik Observasi

Observasi mangrupa kagiatan niténan, nafsirkeun jeung méré ajén nalika kagiatan lumangsung. Observasi dilaksanakeun ku observer. Téhnik observasi dipaké pikeun niténan kagiatan guru jeung siswa salila lumangsungna kagiatan diajar.

3.4.4 Téhnik Catetan Lapangan

Sumber informasi nu kawilang penting dina ieu panalungtikan nya éta catetan lapangan nu dijieuun ku panalungtik atawa mitra panalungtik nu jadi panitén atawa observer. Sagala aspek pembelajaran di kelas, suasana kelas, ngokolakeun kelas, hubungan interaksi guru jeung siswa, interaksi siswa jeung siswa, tuluy aspek oriéntasi, perencanaan, pelaksanaan, diskusi jeung refleksi, bisa katitén dina catetan lapangan.

3.5 Alat Ngumpulkeun Data

Alat nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta padoman wawancara, lembar tés, padoman observasi, jeung catatan lapangan.

3.5.1 Padoman Wawancara

Padoman wawancara dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngawawancara ka guru bidang studi séjén pikeun bahan pangajaran anu maké modél ramat lancah.

Lembar Wawancara dina Tindakan Pra-panalungtikan/Panalungtikan Awal

Wasta Informan :
 Mata Pelajaran :
 Ping Wawancara :

- Matéri naon waé nu geus diajarkeun ka Siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung?
- Modél naon anu dipaké dina éta pangajaran?

3.5.2 Lembar Tés

Tés dina ieu panalungtikan nya éta tés pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan eksposisi. Lembar ténsna nya éta:

Téangan bahan nulis karangan eksposisi tina materi pelajaran bidang studi lain nu geus diajarkeun!

Tangtukeun topik (jejer) pikeun nulis karangan eksposisi!

Jieun karangan eksposisi kalawan ngagunakeun basa anu bener tur merenah!

Format Peunteun

Wasta :

Kelas :

Aspek	Skor	Kriteria
Eusi	27-30	Hade pisan – sampurna: dina informasi “substansi” kamekaran pokok pikiran tuntas “relevan”, pasualan tuntas jeung luyu jeung modél pangajaran.
	22-26	Cukup – hade: informasi “substansi cukup” kamekaran

	17-21 13-16	poko pikiran kawatesanan “relevan jeung pasualan” tapi teu lengkep tapi luyu jeung modél pangajaran. Sedeng – cukup: informasi kawatesanan “substansi kurang” kamekaran poko pikiran teu cukup, pasualan teu cukup tapi luyu jeung modél pangajaran. Kurang pisan: euweuh eusina “euweuh substansi” euweuh kamekaran eusi euweuh pasualan
Organisasi	18 – 20 14 – 17 10 – 13 7 - 9	Hade pisan – sampurna: ekspresi lancar, gagasan diungkapkeun kalayan jelas, “paddat”, ngabenjer bées, runtuyanna logis jeung kohesif. Cukup – hade: ekspresi kurang lancar, kurang terorganisir, tapi ide utama katingali, bahan pangrojong kawatesanan, urutan logis tapi teu lengkep Sedeng – cukup: ekspresi teu lanacar, gagasan kacau, kapotong-potong, urutan jeung kamekaran teu logis. Kurang pisan: heunteu komunikatif, henteu terorganisir, henteu layak nilai.
Kandaga Kecap	18 – 20 14 – 17 10 – 13 7 – 9	Hade pisan – sampurna: pemanfaatan potensi kecap canggih, pilihan kecap jeung ungkapan kecap merenah, nguasaan pembentukan kecap. Cukup – hade: pemanfaatan potensi kecap agak canggih, pilihan kecap jeung ungkapan kadang-kadang kurang merenah tapi henteu ngaganggu. Sedeng – cukup: oemanfaatan potensi kecap kawatesanan, sering aya kasalahan pamakéan kandaga kecap jeung bisa ngaruksak makna Kurang pisan: pamanfaatan potensi kandaga kecap asala-asalan, pangaweruh ngeunaan ksandaga kecap handap, henteu layak nilai.
Pangaweruh basa	22-25 18 – 21 11 – 17 7 - 9	Hade pisan – sampurna: konstruksi kompleks tapi efektif, ngan aya saeutik kasalahan pamakéan wangu kabasaan. Cukup – hade: konstruksi basajan tapi efektif, kasalahan leutik dina konstruksi kompleks, aya sajumlah kasalahan tapi maknana heunteu leungit Sedeng – cukup: aya kasalahan serius dina konstruksi kalimah, makna ngabingungkeun jeung leungit Kurang pisan: heunteu nguasaan aturan sintaksis, aya oba kasalahan, henteu komunikatif, henteu layak nilai.
Mekanik	5 4 3 2	Hade pisan – sampurna: nguasa aturan panulisan, ngan aya sababaraha kasalahan éjaan. Cukup – hade: kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngaleungitkeun makna. Sedeng – cukup: sering aya kasalahan éjahan, makna ngabingungkeun atawa leungit. Kurang pisan: henteu nguasaan aturan panulisan, aya loba kasalahan éjahan, tulisan teu kabaca, teu layak nilai.

$$\text{Nilai} = \frac{\text{skor perolehan}}{\text{skor ideal}} \times 100$$

3.5.3 Observasi

Aya sababraha format lembar observasi nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta lambar observasi aktivitas guru, lembar observasi aktivitas siswa jeung catetan lapangan. Dina lembar observasi aktivitas guru, observer nuliskeun hasil observasi aktivitas guru salila lumangsungna kagiatan pangajaran. lembar aktivitas siswa, observer ngaobserver aktivitas siswa salila lumangsungna kagiatan, ari catetan lapangan dipaké pikeun nuliskeun kajadian-kajadian dina prosés kagiatan pangajaran.

LEMBAR OBSERVASI AKTIVITAS GURU

Wasta Obsérver :
Poé, Ping :
Jam :
Standar Kompeténsi : (9.4) *Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, berita, teks pidato, hasil wawancara, dan bahasan.*
Kompeténsi Dasar : (9.4.1) Menulis bahasan (karangan eksposisi)

No	Aktivitas	Aya	Euweuh	Koméntar
1.	Kegiatan awal <ul style="list-style-type: none"> a) Ngadata kahadiran siswa. b) Ngajelaskeun ngeunaan tujuan pangajaran. c) Méré apresepsi jeung motivasi. 			
2.	Kagiatan inti <ul style="list-style-type: none"> a) Méré matéri ngeunaan karangan eksposisi. b) Diskusi jeung siswa pikeun nangtukeun téma karangan eksposisi 			

	c) Nugaskeun siswa pikeun néangan bahan nulis karangan eksposisi tina materi pelajaran bidang studi lian anu geus diajarkeun. d) Méré perhatian ka siswa anu keur nyieun karangan eksposisi. e) Ngilu kalibet kana topik anu keur ditulis ku siswa. f) Ngabimbing siswa pikeun ngoréksi kasalahan anu dilakukeunana. g) Méré kasemptan ka siswa pikeun nanya .			
3.	Kagiatan ahir a) Negeskeun deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun. b) Ngayakeun postes. c) Ngajelaskeun kagiatan lanjutan kaasup panugasan. d) Panutup			
Jumlah				
Persentase				

Keterangan: Béré tanda *chek list* () dina kolom **aya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **euweuh** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catetan obsérver:

.....
.....
.....
.....

Bandung, November 2010

Obsérver,

Panalungtik,

NIP

NIM

LEMBAR OBSERVASI AKTIVITAS SISWA

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompeténsi : (9.4) *Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, berita, teks pidato, hasil wawancara, dan bahasan.*

Kompeténsi Dasar : (9.4.1) Menulis bahasan (karangan eksposisi)

No	Aktivitas	Aya	Euweuh	Koméntar
1.	Kegiatan awal <ul style="list-style-type: none"> a) Siswa ngarespon guru nalika keur ngadata kahadiran. b) Siswa ngarti kana tujuan pangajaran. c) Siswa ngarti kana apresepsi jeung kamotivasi. 			
2.	Kagiatan inti <ul style="list-style-type: none"> a) Ngaregepkeun materi karangan eksposisi. b) Diskusi jeung guru pikeun nangtukeun téma karangan éksposisi. c) Néangan bahan nulis karangan eksposisi tina materi pelajaran bidang studi lian anu geus diajarkeun. d) Nyieun karangan eksposisi. e) Nuliskeun topik karangan. f) Ngoreksi kasalahan anu dijieun. g) Nanya hal anu teu dipikaharti. 			
3.	Kagiatan ahir <ul style="list-style-type: none"> a) Merhatikeun kana penegasan materi anu ditepikeun. b) Ngalaksanakeun postes. c) Ngabandungan kagiatan pangajarana satuluyuna kaasup tugas d) Panutup 			
Jumlah				

Persentase			
------------	--	--	--

Keterangan: Béré tanda *chek list* (✓) dina kolom **aya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **euweuh** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catatan observer:

.....
.....
.....
.....
.....

Obsérver,	NIP	NIM	Bandung,Desember 2010 Panalungtik,
LEMBAR CATETAN LAPANGAN			
Wasta Observer Poé, Ping Jam	:	:	
Catatan Lapangan	Réfléksi jeung Analisis		

(Wiriaatmadja, 2009:129)

Bandung, 02 Desember 2010

Observer,

NIP

3.6 Analisis Data

Sabada data kumpul, tuluy diolah, ari cara ngolahna ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Ngalakukeun reduksi data/ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah.
- 2) Interpretasi data/napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangu pernyataan.
- 3) Nganalisis data anu mangrupa hasil tes nulis karangan eksposisi.
- 4) Nganalisis hasil observasi aktifitas guru jeung siswa.
- 5) Nganalisis hasil catatan lapangan.
- 6) Analisis kualitatif, nya éta nyimpulkeun ngaronjat heunteuna hasil pangajaran.
- 7) Nyokot kacindekan

3.7 Prosuder Panalungtikan

Dina ieu tahap panalungtik ngamimitian ku sababarah lengkah, di antarana:

- 1) Ngalakukeun studi literatur ngeunaan modél pangajaran ramat lancah.
- 2) Ngajukeun proposal.
- 3) Seminar proposal.
- 4) Ménta ijin ka sakola anu rék dijadikeun témpat panalungtikan.
- 5) Nangtukeun kelas anu bakal jadi subyék panalungtikan.
- 6) Refleksi awal, dina ieu kagiatan panalungtik ngarefleksi kagiatan awal dina nulis karangan eksposisi.

- 7) Ngaidentifikasi pasualan. Pasualan diidentifikasi sanggeus aya kagiatan awal. Pasualan nu kapanggih nyaéta héséna siswa dina nangtukeun téma karangan.
- 8) Netepkeun jumlah siklus. siklus dina ieu panalungtika ditetepkeun jadi dua siklus.
- 9) Netepkeun modél. Sanggeus kapaluruh pasualan nu nyampak, panalungtik netepkeun modél ramat lancah pikeun ngungkula éta pasualan.
- 10) Bimbingan skripsi bab 1, 2 jeung 3.
- 11) Nganalisis standar kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD)
- 12) Ngawawancara sakumna guru widang studi kelas IX-D SMP N 19 Bandung pikeun dijadikeun bahan sumber diajar nulis karangan eksposisi.
- 13) Nyusun RPP anu ngawengku: indikator, tujuan, skenario, alokasi, metode, alat jeung bahan, evaluasi jeung tes.
- 14) Ngalaksanakeun tindakan ka kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010-2011. Ieu tindakan dilaksanakeun salila dua kali lawungan atawa dua siklus.
- 15) Observasi, observasi di lakukeun ku guru tetap basa Sunda di SMP Negeri 19 Bandung nyaéta Elly Indaryati jeung mahasiswa basa Sunda Ellyawati Nurhayat.
- 16) Ngaréfléksi hasil pangajaran.
- 17) Bimbingan bab 4 jeung bab 5.
- 18) Sidang skripsi